



# EGALITE E ZEWO DISKRIMINASYON

## Egalite e zewo diskriminasyon

Egalite e zewo diskriminasyon se 2 prensip fondanatal. Dwa entènasyonan dwa moun. Chak moun, san ankenn diferans, kapab reklame tout dwa yo. Youn nan dwa sa yo se dwa egalego devan lalwa e dwa pwoteksyon kont tout fòm diskriminasyon kèlkeswa rezon yo, tankou oryantasyon seksyèl moun lan oubyen idantite jan li chwazi a.

## Lwa ak politik ki mennen diskriminasyon

Lejislasyon ak politik Leta - ki ta dwe pwoteje tout moun kont diskriminasyon- konn youn nan baz diskriminasyon dirèk oubyen endirèk kont milyon lesbyèn, ge, biseksyèl, transjan ak entèseksyèl nan lemonn. Nan plis pase yon tyè nasyon nan lemonn, lalwa pini relasyon seksyèl prive ant de granmoun ki dakò. Lwa yo nan domèn sa a pa respekte dwa vi prive a e dwa zewo diskriminasyon an, 2 dwa Dwa entènasyonan la pwoteje. Lwa sa yo mete endividi sa yo nan risk pou yo arete yo, pousoiv yo an jistis, fèmèn yo nan prison(PRIZON), e menm eksekite (egzekite) yo nan omwen 5 peyi.

Pami lòt egzanp mezi ki fè diskriminasyon kont lesbyèn, ge, biseksyèl ak transjan (LGBT) nou ka site entèdiksyon pou yo okipe sèten pòs, baboukèt yo mete sou libète pawòl yo ansanm ak libète pou yo fè manifestasyon piblik e lè lalwa pa rekonèt dwa pou moun gen relasyon omoseksyèl.

Anpil Leta egzije pou transjan yo aksepte pou yo sterilize(esterilize) yo pou yo ka rekonèt jan yo chwazi a legalman. Si yo pa gen rekonesans legal sa a, y ap bije viv tankou majinal nan sosyete a, yo p ap kapab jwenn yon travay regilye, ni resevwa sèvis laswenyay, ledikasyon ak lòt dwa fondanatal.


## Diskriminasyon sosyal

Moun ki se lesbyèn, ge, biseksyèl, transjan oubyen entèseksyèl, oubyen moun sosyete yo konsidere kòm si se sa yo ye, viktim estigmatizasyon sosyal ak eskliyon. Moun sa yo viktim prejije tou nan kote yo travay, lakay yo, lekòl, nan etablisman laswenyay e nan anpil lòt aspè nan vi yo. Yo kapab pèdi travay yo, yo kapab sibi maspinay nan lekòl, pa resevwa tretman medikal yo bezwen. Paran yo kapab mete yo deyò nan lari. Zòt ka fèmèn yo san yo pa dakò nan klinik sikyatrik, yo ka bije yo marye oubyen fè pitit, yo ka avili yo. Pou moun ki entèseksyèl yo, nan anpil ka diskriminasyon an kòmmanse depi lè yo fèt. Anpil fwa, yo gen tan fè operasyon sou tibebe ak jèn timoun entèseksyèl san konsantman yo oubyen san konsantman paran yo, pou yo fè diferans entèseksyèl yo disparèt.

## Pwogrè tou nèf

Leta yo gen obligasyon jiridik pou yo veye pou pwòp lwa ak politik pa yo pa tabli diskriminasyon kont moun akòz oryantasyon seksyèl yo ak idantite jan yo chwazi a ; yo dwe veye tou pou estrikti jiridik pa yo ofri pwoteksyon ki efikas kont diskriminasyon lòt moun ap fè kont yo.

Obligasyon sa a pi fò pase lakilti(KILTI), tradisyon ak relijyon. Tout Leta, kelkeswa istwa yo ak patikilarite rejyonal yo, gen obligasyon garanti respè dwa tout moun. Gouvènman ki refize pwoteje dwa fondanatal LGBT yo komèt yon vyolasyon Dwa entènasyonan la.



**LETA YO : Adopte lwa kont diskriminasyon ki entèdi diskriminasyon baze sou oryantasyon seksyèl ak idantite jan yon moun chwazi.**



**Medya yo : Prezante yon imaj objektif e ekilibre sou LGBT yo.**



**OU MENM : Entèvni lè ou temwen nenpòt ki diskriminasyon kont LGBT yo.**

## Pwogrè tou nèf

Pandan dènye ane sa yo, kèk leta fè gwo jefò pou yo ranfòse pwoteksyon dwa fondannatal LGBT yo. Yo adopte tout yon seri nouvo lwa, gen ladan yo ki entèdi diskriminasyon e penalize krim rayisman kont omo-seksyèl ; yo rekonèt relasyon omo-seksyèl yo e yo fasilite transjan yo pou yo jwenn dokiman ofisyèl nan jan yo chwazi a.

Depi kòmansman ane 90 yo, ògàn Nasyonzi ki chaje defans dwa moun yo enkyete anpil fwa devan kantite vyolasyon dwa moun ki fèt kont LGBT yo, e kouman vyolasyon sa yo vyolan. Nan ògàn sa yo, gen ògàn konvansyonèl yo mete sou pye pou veye si leta manm yo aplike enstriman entènasyonal yo sou kesyon dwa moun, men gen tou rapòtè espesyal ak lòt ekspè endepandan Konsèy dwa moun lan desiyen pou ankete sou pwoblèm ijan sou kesyon dwa moun e prezante rapò sou sa.

An 2010( nan lane ), nan yon diskou istorik sou egalite LGBT yo, Sekretè Jeneral Nasyonzi Ban Ki-moon te prononse Nouyòk, li te mande pou gen mezi ki pran pou konbat vyolans ak diskriminasyon kont LGBT yo.

« Kòm gason ak fanm ki gen konsyans, nou voye jete diskriminasyon an jeneral e an patikilye diskriminasyon ki fonde sou oryantasyon seksyèl ak idantite jan. Lè atitud kiltirèl yo antre an konfli ak règleman inivèsèl dwa moun, se dwa moun ki dwe pase anvan. »

## Fòk nou pa di « GE » ?

**Libète ekspresyon menase nan anpil rejyon Ewòp Delès e Afrik pase gen yon seri lwa ak pwojè lwa ki ta vle entèdi « pwomosyon piblik omo-seksyalite ». Anpil fwa, asosyasyon LGBT yo jwenn obstak ak entèdiksyon chaje ak diskriminasyon pou anpeche yo òganize reyinyon piblik. Gen vil kote yo entèdi defile LGBT yo; gen lòt kote lè defile sa yo ap fèt, otorite yo refize pran mezi efikas pou pwoteje patisipan yo, sa ki mennen gwoup neyonazi ak lòt gwoup ekstremis fè agresyon vyolan kont yo.**





## KI MEZI KI POU TA PRAN

### Leta yo :

- 1 Sispann konsidere relasyon omoseksyèl ant granmoun ki dakò kòm yon aksyon Leta dwe penalize.
- 2 Adopte lwa kont diskriminasyon pou entèdi diskriminasyon baze sou oryantasyon seksyèl e idantite jan yon moun chwazi, nan travay, edikasyon, laswenyay e idantifikasyon.
- 3 Fè vote lwa ki fasilite rekonesans jiridik lè yon moun chwazi jan li vle a, san li pa oblije sterilize, fè operasyon pou chanje sèks ak lòt tretman medikal.
- 4 Veye pou manm pèsònèl ki responsab aplike lwa sa yo, k ap bay laswenyay, edikasyon, oubyen moun k ap egzèse pouwa jidisyèl ak lòt eleman nan sektè sèvis yo, resevwa yon bon fòmasyon pou garanti yo trete LGBT yo egalego.
- 5 Adopte plan aksyon nasyonal pou aplike lejislasyon kont diskriminasyon nan tout sektè sosyete a.

### Medya yo :

- 1 Bay yon imaj objektif e ekilibre sou LGBT yo e prezante ki sa pwoblèm yo ye nan kesyon dwa yo.
- 2 Bay gwoup e moun LGBT yo lapawòl nan jounal, televizyon, radyo.

### Ou menm, zanmi w, ak lot moun, kit ou se LBGT ou pa :

- 1 Entèvni lè ou temwen nenpòt ki fòm diskriminasyon kont LGBT yo ;
- 2 Si ou menm, zanmi w oubyen manm fanmi w jije nou se viktim diskriminasyon akòz oryantasyon seksyèl nou oubyen idantite jan nou chwazi a, pran kòm referans pwosedi espesyal dwa moun Nazyonzini yo e voye yon imèl nan adrès sila a : [urgent-action@ohchr.org](mailto:urgent-action@ohchr.org).
- 3 Pa fè kòmsi tout moun soukote w se etewoseksyèl ; mande yo si yo gen yon patnè olye ou sipoze patnè yo se yon madanm nan ka yon gason, oubyen yon mari nan ka yon fanm.
- 4 Pa fè kòmsi tout transjan ak entèseksyèl se lesbyèn oubyen ge.

